

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar: (1) kasang tukang panalungtikan; (2) rumusan masalah; (3) tujuan panalungtikan boh umum boh husus; (4) mangpaat panalungtikan ngawengku tioritis, kawijakan, praktis, sarta isu jeung aksi sosial; jeung (5) raraga tulisan.

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Basa jeung aksara téh hiji beungkeutan anu henteu bisa dipisahkeun tina kabudayaan manusa. Aksara téh sistim tanda grafis atawa simbol visual (katara ku panénjo) tina basa anu dipaké ku masarakat pikeun tujuan komunikasi (Santosa et al., 2019). Aksara jadi salah sahiji cara manusa dina nepikeun gagasanna kalawan bisa diteundeun dina waktu anu rélatif lila. Kajadian jeung tittinggal kabudayaan di jaman baheula bisa kénéh kapanggih tapak-lacakna dina wangu tulisan, contona dina naskah-naskah kuna anu eusina élmu pangaweruh jeung karya sastra minangka hasil pamikiran manusa dina tataran tradisional. Patalina jeung kabudayaan, unggal basa ilaharna miboga tata-tulis aksarana séwang-séwangan sarta ngarandapan rupa-rupa kamekaran nyanding jeung kamekaran basa éta sorangan.

Salah sahiji aksara anu mekar di tatar Sunda nyaéta aksara Pégon. Aksara Pégon téh aksara Arab anu geus ngarandapan modifikasi (dirobah jeung diluyukeun deui) pikeun nulis dina basa-basa daerah di Nusantara kalawan madoman kana ugeran sakumaha nulis dina hurup hijaiyah (Fikri, 2014). Ayana aksara Pégon di tatar Sunda mangrupa bukti pangaruh Islam kana kabudayaan Sunda. Ieu aksara henteu bisa dipisahkeun tina budaya Sunda lantaran réa pisan naskah-naskah heubeul anu kapanggih ditulis kalawan eusina lolobana kana pangajaran agama, boh anu wawacan boh anu pupujian.

Kabiasaan maca jeung nulis dina aksara Pégon dipuraksara dina lingkungan kaagamaan tradisional kayaning pasantréng jeung majelis ta'lim. Kurang leuwih 71% ti jumlah pasantréng di sakuliah Indonésia téh mangrupa pasantréng *salafiyah* anu masih kénéh ngamumulé cara diajar agama tina *kitab kuning* warisan ulama bihari jeung ngama'naan basa Arab maké aksara Pégon (Azza et al., 2020). Sok

sanajan kitu, aksara Pégon henteu réa sumebar di masarakat sabab geus kalindih ku aksara Latén anu leuwih ilahar dipaké sarta jadi aksara resmi di Indonésia.

Aksara Pégon jadi aksara anu pangréana ditulis ku urang Sunda, dibuktikeun ku réana naskah-naskah nu kapanggih réa ditulis ngaliwatan aksara Arab nu dimodifikasi jadi aksara Pégon (Ruhaliah, 2012). Contona bisa kapanggih dina naskah wawacan saperti *Ogin Amarsakti, Amir Hamzah, Ahmad Muhammad, Umarmaya*, jeung sajabana. Anapon dina wangun pupujian bisa kapanggih dina naskah saperti *Anak Adam, Nadom Tajwid, Nadom Fiqih*, jeung sajabana.

Aksara Pégon jadi salah sahiji mata kuliah anu diajarkeun di Departemén Pendidikan Bahasa Sunda (DPBS) UPI. Média pikeun diajar nulis aksara Pégon masih kawilang kurang sabab henteu réa anu nulis buku ngeunaan tata aksara Pégon pikeun basa Sunda. Salah sahiji literatur anu medar aksara Pégon téh ditulis ku Ruhaliah (2012) nyaéta *Pedoman Ringkas: Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegen*. Ieu buku ditulis minangka pangdeudeul mata kuliah Filologi, ku kituna ngawuwuhkeun matéri aksara Pégon. Sok sanajan kitu, ieu buku sumebarna ngan sawates lingkungan DPBS UPI. Ku kituna, perlu pisan ayana sumber diajar séjén anu leuwih jembar pedaranana jeung sumarambah ka masarakat.

Aksara Pégon dina prak-prakanana mindeng ditulis sacara arbitré, ku kituna upama sababaraha naskah diakurkeun bakal kapanggih ayana variasi éjahan sok sanajan pola kecapna sarua. Contona kecap nu kapanggih dina téks pupujian *Gusti Urang Saréréa*, kecap ‘kacaturkeun’ mibanda dua varian: (1) ﷺ ﻚاچتوڙكٽْ jeung (2) ﷺ ﻚاچتوڙكٽْ. Ieu hal téh ngabalukarkeun éjahan basa Sunda anu ditulis dina aksara Pégon dianggap henteu ajeg.

Tina kasang tukang anu didadarkeun di luhur, aya rasa kataji pikeun ngayakeun panalungtikan. Hal anu ditalungtik nyaéta struktur éjahan basa Sunda dina aksara Pégon. Panalungtikan saméméhna ngeunaan naskah jeung aksara Pégon di antarana anu kapaluruh nyaéta anu geus dibukukeun dina *Pelestarian dan Pengembangan Aksara Daerah Sunda* ku Badan Pengkajian dan Pengembangan Nilai-Nilai Budaya Pusat Direktorat Jenderal Kebudayaan (1997). Panalungtikan séjénna ti kalangan mahasiswa bisa disebutkeun réa tapi ambahanana kakara

ngawengku transliterasi, édisi téks, jeung ulikan ajén-ajén anu nyangkaruk dina naskah. Di antarana “Ajén Kaagamaan dina ‘Wawacan Samaun’ (Ulikan Filologi)” ku Yédi Sudrajat (2016), “Wawacan Pangantén Tujuh pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA Kelas XII: Ulikan Struktural-Sémiotik” ku Ratih Cahyani (2017), jeung réa-réa deui.

Dina ieu panalungtikan dipedar éjahan basa Sunda aksara Pégon anu aya dina naskah. Fokus panalungtikan téh nyaéta dina cara nuliskeun aksara jeung kecap. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta struktur éjahan anu digunakeun dina téks naskah. Naskah anu dipilih pikeun ditalungtik nyaéta kitab “*Nadhomul Maulidi wal Mi’raj*” wedalan Toko Cairo Tasikmalaya. Pangna ieu naskah dipilih téh lantaran jadi salah sahiji bahan pangajaran pupujian di SMP sarta struktur tata kecapna deukeut kana éjahan basa Sunda dina aksara Latén.

Ieu panalungtikan téh penting pisan diayakeunana pikeun ngawanohkeun deui aksara Pégon minangka salah sahiji budaya Sunda sumawonna jadi jambatan pikeun neuleuman agama Islam. Salah sahiji carita dina ieu naskah, Nadom Maulid Nabi, sempalan eusina kungsi ditalungtik ku Tini Kartini spk. (1986) dina buku *Puisi Pupujian Bahasa Sunda*. Ieu nadom dijadikeun bahan panalungtikan deui dina ulikan anu béda, nyaéta éjahan basa Sunda nu ditulis dina aksara Pégon. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Éjahan Basa Sunda dina Aksara Pégon (Ulikan dina Naskah Pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi’raj*)”.

1.2. Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, kapaluruh sawatara idéntifikasi masalah katut rumusan masalah anu jadi tatapakan panalungtikan saperti ieu di handap.

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Tina kasang tukang anu didadarkeun dina poin 1.1., kapaluruh aya sababaraha pasualan ngeunaan aksara Pégon anu museur kana tata tulisna:

- a) Tata aksara Pégon dina basa Sunda anu nyampak dina téks naskah. Dina hiji kecap bisa dituliskeun ku béda-béda aksara.
- b) Sistim tata kecap basa Sunda dina aksara Pégon anu dianggap inkonsistén lantaran cara nuliskeunana bisa béda-béda.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha rumusan masalah dina ieu panalungtikan saperti di handap.

- a) Kumaha tata aksara Pégon dina naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj?*
- b) Kumaha tata kecap basa Sunda anu ditulis maké aksara Pégon dina naskah *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj?*

1.3. Tujuan Panalungtikan

Aya sababaraha tujuan anu dihontal tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngamumulé tradisi maca jeung nulis aksara Pégon di masarakat ku cara nalungtik struktur éjahanana. Leuwih jembarna deui, hasil tina ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui jadi panalungtikan séjén.

1.3.2. Tujuan Husus

Pikeun ngajéntrékeun tujuan umum anu geus didadarkeun di luhur, dina tujuan husus tina panalungtikan:

- a) Maluruh tata aksara Pégon dina naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj.*
- b) Maluruh tata kecap basa Sunda dina aksara Pégon sajeroning naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj.*

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Tina ieu panalungtikan, aya sababaraha mangpaat saperti ieu di handap.

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Disawang tina jihat tioritis, mangpaat anu bisa dipalar tina ieu panalungtikan:

- a) Ngabeunharan jeung mekarkeun panalungtikan anu geus aya saméméhna dina widang basa jeung sastra, hususna anu nalungtik aksara Pégon.

- b) Tatapakan pikeun panalungtikan anyar boh dina widang paélmuan basa boh dina widang paélmuan séjénna.

1.4.2. Mangpaat Kawijakan

Ayana ieu panalungtikan téh ngarojong kana Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Tahun 2014 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah Pasal 2a ayat a anu unina “*menetapkan keberadaan dan kesinambungan penggunaan bahasa, sastra, dan aksara daerah sehingga menjadi faktor pendukung bagi tumbuhnya jatidiri dan kebanggaan daerah;*”.

Ku kituna, ayana ieu panalungtikan bisa jadi tarékah pikeun mageuhan posisi aksara Pégon jeung basa Sunda dina lingkungan akademik malahmandar bisa ngalegaan mangpaatna nepi ka masarakat. Leuwih antebna deui, ieu aksara katut basana téh jadi hiji jatidiri jeung kareueus daerah Jawa Barat.

1.4.3. Mangpaat Praktis

Tina jihat larapna hasil panalungtikan, mangpaat anu bisa dicangking saperti ieu di handap.

- a) Pikeun widang basa bisa dipaké pikeun ngalarapkeun élmu tatabasa Sunda kana aksara séjén lian ti aksara Latén jeung aksara Sunda.
- b) Pikeun widang sastra jadi tatapakan dina nyurahan karya sastra Sunda buhun nu ditulis dina aksara Pégon kayaning wawacan jeung pupujian.
- c) Pikeun widang atikan, hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi pangdeudeul pangajaran maca jeung nulis aksara Pégon di sakola, di madrasah, atawa di paguron luhur.

1.4.4. Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun kasadaran di masarakat sangkan ngamumulé budaya Sunda tur neuleuman agama Islam pikeun nyumponan pangabutuh batiniahna. Ngaronjatna kasadaran masarakat kana neuleuman pamahaman agama bisa nyanding jeung tumuwuhna rasa kareueus ka basa jeung sastra Sunda minangka basa panganteur pikeun nepikeun pedaran agama. Tarékah anu bisa dilakukeun nyaéta ku cara ngaderes literatur kaagamaan klasik dina aksara Pégon boh mangrupa pedaran langsung boh mangrupa anggitan karya sastra kayaning pupujian.

1.5. Raraga Tulisan

Sangkan bisa dipikaharti kalawan ngéntép seureuh, hasil tina ieu panalungtikan diwincik jadi sababaraha bab anu ditataan di handap.

Bab I

Dina bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan katut raraga tulisan skripsi.

Bab II

Dina bab II anu eusina ulikan tiori, aya konsép jeung pamanggih ti para ahli anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Demi anu dipedar dina ieu panalungtikan mangrupa konsép sabudeureun élmu filologi, éjahan basa Sunda, transliterasi aksara Pégón, pupujian, jeung morfologi.

Bab III

Dina bab III aya sababaraha tatapanan dina panalungtikan ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, ngumpulkeun data jeung analisis data. Dina ngumpulkeun data aya instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data.

Bab IV

Dina bab IV eusina hasil jeung pedaran tina panalungtikan kyaning déskripsi naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* katut analisis éjahan basa Sunda dina aksara Pégón kalawan tataran nuliskeun aksara jeung nuliskeun kecap.

Bab V

Dina bab V aya kacindekan tina sakumna pedaran minangka galeuhna hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Di sagigireun ti éta, aya ogé saran anu tujuhna pikeun pamaca anu patali jeung hasil panalungtikan sarta lajuning laku tina hasil panalungtikan.